







6. Mercy Center, Inc.....	29
7. Sauti Yetu Center for African Women and Families.....	29
8. Sisters of Charity of New York.....	29
9. SoBRO.....	30
10. St. Jerome H.A.N.D.S. Community Center.....	30
Pwogram nan Brooklyn.....	31
1. Academy of Medical and Public Health Services.....	31
2. Arab American Association of New York.....	31
3. Arab-	

3.	Arab-American Family Support Center .....	38
4.	CAIR-NY Council on American-Islamic Relations.....	39
5.	Catholic Migration Services.....	39
6.	Center for the Integration and Advancement of New Americans.....	39
7.	Chhaya Community Development Corporation.....	39
8.	Cidadão Global.....	40
9.	Coalition for Hispanic Family Services.....	40
10.	Council on American-Islamic Relations, New York Chapter.....	40
11.	CUNY CLEAR.....	40
12.	Desis Rising Up & Moving.....	41
13.	DSI International, Inc.....	41
14.	Emerald Isle Immigration Center.....	41

Objektif dokiman sa a, Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yòe pou sèvi kòm resous pou piblik la. Depatman Edikasyon Leta New York (New York State Education Department, NYSED) pa kontwole ni garanti kalite sèvis yo bay nan òganizasyon ki make sou lis la, ni nonplis tou se pa poutèt li fè referans ak yon òganizasyon ki vle di oswa ki siyifye NYSED andose òganizasyon an ak tout sèvis li bay yo.

\*

Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak

- x **Liy Asistans Telefonik pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle-** Yo kreye liy asistans telefonik sa a pou bay paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe wòl paran pou timoun MLL yo/ELL yo, enfòmasyon sou dwa yo ak sou sèvis ki disponib pou pitit yo, konfòmman ak Règleman Komisyonè 154 (Commissioner's Regulation 154). Epitou li gen yon sistèm ladann pou reponn kesyon byen presi sou fason yo bay sèvis sa yo. **Nimewo telefòn nan:** (800) 469-8224  
<https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/ellparenthotline>
- x **Gid pou Paran NYSITELL ak NYSESLAT-** Gid sa yo bay yon espikasyon sou 2 nan tèz evalyasyon ki evalye nivo/ konpetans nan lang Angle pou elèv ke Angle se pa lang manman yo oswa se pa lang yo pale lakay yo. Yo tradui gid yo nan venn-de lang.  
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/nysitell-and-nyseslat-parent-guides>
- x **Videyo Oryantasyon pou Paran: Pwogram pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York, disponib nan 10 lang-** Videyo ki fèt ak desen anime sou fon blan sa a dekri metòd yo itilize pou idantifye ak evalye MLL/ELL yo; lèfini li dekri an detay plizyè opsyon pwogram ki disponib. Epitou videyo a dekri diferans ki genyen ant pwogram Angle kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language) ak divès modèl pwogram Edikasyon Bileng (Bilingual Education) yo.  
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state>  
Tèks Naratif Videyo a disponib tou nan 9 lòt lang.  
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state>
- x **Chimen Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle-** Yon Gid Pou Antre Nan Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York.  
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/roadmap-college>
- x Metsouli, chak biwo nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye plizyè resous pou sipòte paran. Pou ka jwenn lis ki gen tout biwo Depatman an, ale nan:  
<http://www.nysed.gov/about/program-offices>



# Konsèy sou Dènnye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon

Depatman Edikasyon Leta New York (NYSED) pran angajman pou l asire l lekòl nou yo rete yon refij kote tout elèv ka aprann an tout sekirite. NYSED ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral nan Leta New York la soumèt konsèy suivan yo pou pwoteje elèv ki se imigran yo.

## Enfòmasyon ki konsène kondisyon imigrasyon yo:

- ™ Selon Lwa sou Edikasyon nan Leta New York la, tout timoun ki gen plis pase senk lane epi mwens pase venteyen lane daj epi ki pako resevwa yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou yal nan lekòl piblik nan distri lekòl kote yo abite a san yo pa peye frè eskolarite kèlkeswa kondisyon sitwayènte oswa kondisyon imigrasyon yo.
- ™ Nan ka Plyler v. Doe (Plyler kont Doe), Kou Siprèm Amerikèn nan te deklare ke distri lekòl yo paka refize elèv yon edikasyon piblik gratis poutèt yo pa gen papye oswa poutèt yo pa sitwayen ameriken, oswa sou baz estati paran oswa responsab legal yo.
- ™ Lè enskripsyon yo, lekòl yo pa fèt pou poze kesyon ki ka revele kondisyon imigrasyon yon timoun, sètadi yo pa dwe mande pou yon nimewo Sekirite Sosyal.
- ™ Konsènan kesyon U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) poze, ikonpri demann yo soumèt pou rankontre oswa entèvyouve elèv, oswa demann pou aksede dosye elèv yo, anplwaye distri lekòl yo fèt pou konsilte sipè-entandan yo ak avoka ki reprezante lekòl yo imedyatman pou konnen si lè yo onore yon tèt demann sa ka lakòz distri a vyole yon lwa aplikabilite jeneral, ki enkli lwa New York Family Court Act (NYFCA) [Lwa pou Tribinal ki Trete Ka Familyal nan New York] ak lwa federal Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) [Lwa sou Dwa Edikasyon Familyal ak sou Pwoteksyon Vi Prive].

Enfòmasyon konsènan diskrimina0.7(81) [Lw)-0.r)-1.8isc9(0.4(s)7)8a3(d)-2.46362)3.9(.46362)3.9(.46362930T10(s) d0824k)2(I

I oswa si i nesesè pou detèmine elijibilite pou resevwa yon benefis oswa sèvis. Lòd sa a valab pou ofisye polis yo tou amwenske yap mennen ankèt sou aktivite kriminel. Ale la a pou ka li lòd egzekitif la: <https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-signs-executive-order-prohibiting-state-agencies-inquiring-about-immigration>.

™ Biwo Gouvènè Leta New York la reyafime sipò l pou imigran yo, lèfini li anonse lap pran plizyè inisyativ, tankou kreye yon nouvo Inite kont Krim Rayisab nan Lapolis Leta a (State Police Hate Crimes Unit) ki gen pou misyon envestige

## Kijan pou Itilize Gid sa a



**5. African Communities Together**

Lang: Amarik, Arab, Angle, Franse, Foulani, Igbo, Kriyo, Krou, Mandingo, Yowouba, Wolòf, ak lòt lang Afriken

127 West 127th Street, Suite 221, New York, NY 10027

Telefòn: (347) 746-2281

<http://www.africans.us/>

Li bay èd legal pou imigrasyon, asistans pou ti biznis, devlopman travay, ak travay sosyal jeneral ak referans sèvis. Eitou li ofri sèvis entèpretarya ak sèvis defans.

**6. Alianza (Dominican Cultural Center)**

Lang: Angle, Panyòl

530 West 166th Street at Amsterdam Avenue, New York, NY 10033

Telefòn: (212) -740-1960

[www.harlemonestop.com](http://www.harlemonestop.com)

**9. ASPIRA of New York**

Lang: Angle, Panyòl

15 W. 36<sup>th</sup> St. 15<sup>th</sup> Floor, New York, NY 10018

Telefòn: (212) 564-6880

<http://www.aspirany.org/>

Li defann epi l gen pwogram pou edikasyon ak devlopman pou jèn Latino ak Pòtoriken nan New York City. Pwogram yo gen rapò ak gradyasyon, aksè nan kolèj, devlopman konpetans, sèvis kominotè ak lòt aktivite anrichisman.

**10. Catholic Charities Archdiocese of New York**

Lang: Angle, Panyòl

1011 First Avenue, 11th Floor, New York, NY 10022

Telefòn: (888) 744-7900

<https://catholiccharitiesny.org/>

Li bay sèvis pou timoun, pou moun ki grangou ak sanzabri, fanmi, moun ki andikape, epi l ede jwenn solisyon lè gen kriz, li ede entegre imigran ak refijye atravè konsèy legal, kou Angle ak kou sivik, ak otorizasyon travay.

**11. Center for an Urban Future**

Lang: Angle

120 Wall Street, 20th Floor, New York, NY 10005

Telefòn: (212) -479-3344

[www.nycfuture.org](http://www.nycfuture.org)

Li travay pou l eseye diminye inegalite, ogmante mobilite ekonomik, ak ogmante ekonomi New York City. Òganizasyon an itilize rechèch ki baze sou enfòmasyon reyèl pou l souleve pwoblèm enpòtan ke yo minimize souvan pou moun ki pran desizyon politik yo ka okouran de pwoblèm sa yo, epi li prezante solisyon pratik ki fòtifye New York e ki ede tout moun New York yo patisipe nan pwosperite vil la kap ogmante.

## 12. Center for Independence of the Disabled, NY

Lang: ASL (Langaj Siy Ameriken), Arab, Bengali, Kantonè, Edo, Angle, Farsi, Franse, Grèk, Kreyòl Ayisyen, Ebre, Indi, Italyen, Japonè, Loma, Mandaren, Nepalè, Pòtigè, Woumen, Ris, Panyòl, Tibeten, Oudou, Ouzbèk  
841 Broadway Suite 301, New York, NY 10003  
Telefòn: (212) 674-2300

<https://www.cidny.org/>

Li travay nan defans, règleman ak sèvis dirèk pou moun ki andikape; li kouvri domèn: konsèy sou benefis, devlopman abilite pou mennen yon vi endepandan, asistans pou lojman, asistans pou ede moun jwenn travay, jwenn swen medikal, konsèy nan men parèy ou, tranzisyon ak deplasman nan mezon retrèt, tranzisyon pou jèn yo, referans ak aktivite rekreyatif.

---

## 13. Children's Aid Society

Lang: Angle, Panyòl  
711 Third Ave. Suite 700, New York, NY 10017  
Telefòn: (212) 949-4800

<https://www.childrensaidnyc.org/>

Li sipòte timoun, jèn yo ak fanmi nan New York City atravè pwogram sipò familyal, pwogram apre lekòl ak pwogram dete, edikasyon pou timoun piti, sèvis sosyal, sante ak byennèt, antre nan kolèj ak devlopman karyè.

## 14. Chinese American Planning Council

Lang: Kantonè, Angle, Mandaren





**20. Comprehensive Development, Inc.**

Lang: Arab, Angle, Franse, Pötigè, Panyöl, Wolöf  
240 Second Ave., New York, NY 10003

#### 24. Families for Freedom

Lang: Angle, Panyòl

35 West 31th St #702, New York, NY 10001

Telefòn: (646) 290-8720

[www.familiesforfreedom.org](http://www.familiesforfreedom.org)

Sa a se yon òganizasyon dwa moun milti-etni. Se fanmi yo ki òganize l pou fanmi kap fè fas ak e kap goumen kont depòtasyon.

---

#### 25. Federation of Protestant Welfare Agencies

Lang: Angle, Panyòl

40 Broad St., New York, NY 10004

Telefòn: (212) 777-4800

<http://www.fpwa.org/>

Se yon òganizasyon kolektif ki òganize e ki bay sèvis defans ki travay ak ajans manm li yo pou enfliyanse règleman pou kominote ki gen revni ba yo, pou elimine baryè ki anpeche moun avanse epi li konbat povrete andemik. Li ka konekte moun ak resous ki gen nan ajans ki manm yo.

#### 26. Flanbwayan Haitian Literacy Project

Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen

208 Parkside Ave. 2<sup>nd</sup> Floor, Brooklyn, NY 11226

Telefòn: (718) 774-3037

<http://www.flanbwayan.org/>

Objektif li se pou l fè elèv imigran Ayisyen yo vin otonòm nan New York City, sitou sa kap Aprann Lang Angle yo, nan edikasyon yo. Li bay sèvis defans nan plase jèn ki fèk

## 28. GMHC, Inc.

Lang: Angle, Franse, Indi, Koreyen, Polonè, Panyòl, Syedwa

307 W. 38<sup>th</sup> St., New York, NY 10018

Telefòn: (217) 367-1000

<http://www.gmhc.org/>

Se pi gwo òganizasyon nan domèn prevansyon, swen ak defans pou VIH/SIDA. Li bay sèvis asistans legal, sante mantal, abi sibsans, sèvis sosyal, devlopman mendèv, aplikasyon pou asirans sante, sipò nan lokasyon, jesyon finansyè, lojman ak anpil lòt ankò.

## 29. Good Shepherd Services

Lang: Angle, Panyòl

305 Parkside Ave. 9<sup>th</sup> Floor, New York, NY 10001

Telefòn: (212) 243-7070

<https://goodshepherds.org/>

Li bay jèn yo ak fanmi yo sèvis sipò toupatou nan New York City. Li jere plis pase 80 pwogram nan edikasyon, nan kolèj ak nan karyè, li ba sipò familyal, pwogram fanmi

..1(y)-5.102 -21.065 -1.315 TdE1.04 -0 0 11.071.04 72 552.96 416.52TJETEMC32(e 1 ÅMCID 14 BDC Qq495.24 55

### **32. Human Rights First**

Lang: Arab, Angle, Franse, Panyòl

75 Broad St. 31<sup>st</sup> Floor, New York, NY 10004

Telefòn: (212) 845-5200

<https://www.humanrightsfirst.org/>

Li fè travay defans epi l bay sèvis tankou defann moun nan ka azil ak sèvis travay sosyal.

### **33. Immigrant Defense Project**

Lang: Angle, Panyòl

40 West 39th St., 5th Floor, New York, NY 10018

Telefòn: (212) 725-6422





#### 44. Muslim Community Network

Lang: Arab, Angle, Indi, Oudou  
239 Thompson St., New York, NY 10012  
Telefòn: (646) 481-1772  
<http://mcnny.org/>

Objektif li se pou l konekte ak angaje kominote Mizilman an atravè sesyon enfòmasyon nan edikasyon sivik, devlopman lidè pou jèn yo, edikasyon ak prezantasyon sou divèsite, asistans pou manje ak distribisyon jwèt.

#### 45. New Women New Yorkers

a)-2.8(( 4L)2)1 6242(B)29;09(0)(a)0Tode(n)09(ip)0t n7070Tdear8st(95 4(931-Tt2 BT2.91-L)2)16(a)0p6ozut(92 n

**48. Puerto Rican Family Institute**

Lang: Angle, Panyòl





56.

## 60. The Workmen's Circle

Lang: Angle, Yidich

247 West 37<sup>th</sup> St. 5<sup>th</sup> Floor, New York, NY 10018

Telefòn: (212) 889-6800

<https://circle.org/>

Se yon òganizasyon ki lite pou jistis sosyal. Li gen pwogram angajman kiltirèl Jwif,



**5. Mekong NYC**

Lang: Angle, Khmè, Vyetnamyen  
2471 University Ave., Bronx, NY 10468  
<http://mekongnyc.org/>

Li bay kominote Azyatik Sidès la sèvis nan Bronx ak nan New York City atravè òganizasyon kominotè, aktivite kiltirèl, referans pou swen medikal ak sèvis sosyal.

**6. Mercy Center, Inc.**

Lang: Angle, Panyòl  
377 E. 145<sup>th</sup> St., Bronx, NY 10454  
Telefòn: (718) 993-2789  
<https://www.mercycenterbronx.org/>

Li ofri plizyè sèvis ki pèmèt fanm ak fanmi yo nan South Bronx pran otonomi yo atravè sèvis konsèy, kou parantal ak gwoup sipò, devlopman fanmi, sipò pou vyolans domestik, devlopman karyè, kou Angle ak sèvis pou imigran, ak pwogram pou jèn yo.

**7. Sauti Yetu Center for African Women and Families**

Lang: Arab, Angle, Franse, Foulani, Kotokoli, Mandingo, Soninke, Sousou, Twi, Wolòf, ak lòt lang afriken  
2417 3<sup>rd</sup> Ave. Suite 205, Bronx, NY 10451  
Telefòn: (718) 665-2486  
<http://www.sautiyetu.us/>

Li bay fanm imigran Afriken ak fanmi yo ki pòv ak sa ki gen revni ba yo, sèvis yo bezwen. Pami sèvis yo gen sipò sosyal, seminè sou konsyantizasyon ak enfòmasyon sou koupe pati jenital fanm, sèvis nan ka vyolans domestik ak vyolans seksyèl, pwogram nan kon

### 9. SoBRO

Lang: Angle, Franse, Kreyòl Ayisyen, Panyòl

555 Bergen Ave., Bronx, NY 10455

Telefòn: (718) 292-3113

<https://sobro.org/>

Objektif li se pou l amelyore kondisyon lavi moun nan South Bronx atravè pwogram edikasyon pou jèn yo ak pou adilt, yon sant pou devlope fòs travay, asistans pou biznis ak asistans pou pwopriyete.



---

### 10. St. Jerome H.A.N.D.S. Community Center

Lang: Angle, Panyòl

330 E. 138<sup>th</sup> St., Bronx, NY 10454

Telefòn: (718) 402-7866

<https://www.jeromehands.com/>

Li ofri fanmi ak imigran sèvis sosyal ak sèvis edikasyon, kou Angle, kou konpyoutè, kou pou vin sitwayen Ameriken ak kou GED. Epitou li bay sèvis manje ak asistans pou gen sekirite nan travay.



## Pwogram nan Brooklyn

- 1. Academy of Medical and Public Health Services**

Lang: Arab, Birman, Kantonè, Angle, Franse, Endonezyen, Mandaren, Panyòl

5306 Third Ave. Second Floor, Brooklyn, NY 11220

Telefòn: (212) 256-9036

<http://www.amphsonline.org/>

**5. Brooklyn Defender Services**

Lang: Angle, Panyòl

177 Livingston St. 7<sup>th</sup> Floor, Brooklyn, NY 11201

Telefòn: (718) 254-0700

<http://bds.org/>

Yon òganizasyon ki defann dwa piblik ki bay sèvis reprezantasyon legal konplè epi li bay sèvis pou moun ki pa ka peye frè yon avoka .



**6. Catholic Migration Services**

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang

191 Livingston St. 4<sup>th</sup> Floor, Brooklyn, NY 11201

Telefòn: (718) 236-3000

<https://catholicmigration.org/>

Li ede imigran lè yo bezwen sèvis legal nan imigrasyon, sèvis legal nan lojman, ak sèvis legal ki gen rapò ak dwa travayè ki se imigran, kèlkeswa kwayans relijye moun nan.



**7. Central American Legal Assistance**

Lang: Angle, Franse, Panyòl

240 Hooper St., Brooklyn, NY 11211

Telefòn: (718) 486-6800

<https://www.centralamericanlegal.info>

Li bay sèvis legal gratis oswa ki pa koute chè pou moun ki soti Amerik Santral ak Amerik di Sid ki rete Brooklyn e kap mande azil.



**8. Center for Popular Democracy**

Lang: Angle

449 Troutman Street, Suite A, Brooklyn, NY 11237

Telefòn: (347) 985-2220

[www.populardemocracy.org](http://www.populardemocracy.org)

The Center for Popular Democracy travay pou l kreye yon demokrasi ekitab, ki chaje ak opòtinite e ki dinamik; kidonk li asosye ak òganizasyon yo bati pou gen gwo enpak, li òganize alyans, ak inyon pwogresif.



**9. Coalition for Hispanic Family Services**

Lang: Bengali, Angle, Franse, Mandaren, Patwa, Panyòl

315 Wyckoff Ave. 4<sup>th</sup> Floor, Brooklyn, NY 11237

Telefòn: (718) 497-6090

<https://www.hispanicfamilyservicesny.org/>

Li ofri sèvis konplè pou timoun ak fanmi ki nan kominote nan Nò Brooklyn, Bushwick, Williamsburg ak East New York.

**10. Council of Peoples Organization**

Lang: Arab, Bengali, Chinwa, Angle, Franse, Ebre, Indi, Ponnjabi, Ris, Panyòl, Oudou, Ouzbèk

1077 Coney Island Ave., Brooklyn, NY 11230

Telefòn: (718) 434-3266

<https://copo.org/>

Li desèvi moun ki soti nan kominote Sid Azyatik ak kominote Mizilman ki nan New York City atravè pwogram pou granmoun aje, pwogram pou timoun piti, pou jèn yo ak pou adilt. Li bay sèvis swen medikal, relasyon kominotè, klinik legal, ak òganizasyon kominotè.

**11. Family Health Centers at NYU Langone**

Lang: Arab, Chinwa, Angle, Ris, Panyòl

Ale nan sitwèb yo pou ka wè ki kote adrès biwo yo ye.

Telefòn: (718) 630-7942

<https://nyulangone.org/locations/family-health-centers-at-nyu-langone>

Li bay swen prensipal ak swen prevansyon pou moun ki pa entène, kit yo ka peye kit yo pa ka peye, oswa kèlkeswa kondisyon asirans yo. Li gen plizyè biwo nan Brooklyn.

**12. Federation of Italian American Organizations of Brooklyn, Ltd.**

Lang: Angle, Italyen, Panyòl

8711 18<sup>th</sup> Ave., Brooklyn, NY 11214

Telefòn: (718) 259-2828

<https://fiaobrooklyn.org/>

Yon sant kominotè kiltirèl Italyen ki gen enstalasyon tankou bibliyotèk ak jimnazyòm ladann. Li ofri kou parantal, kondisyonman fizik pou adilt, aktivite apre lekòl, pwogram dete pou jèn yo, biwo pou sèvis sosyal ak aktivite kiltirèl.

### 13. Flanbwayan Haitian Literacy Project

Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Franse  
 208 Parkside Avenue, 2nd Floor  
 Brooklyn, NY 11226  
 Telefòn: (718) 774-3037  
[flanbwayan.org](http://flanbwayan.org)

Òganizasyon sa a ede imigran ki fenk antre ak jèn adilt imigran Ayisyen ki se elèv nan New York City ki se Aprenan Lang Angle (ELL yo) ki gen ant laj 14 ak 21 lane.

### 14. Galapagos Center for New Americans

Lang: Angle, Panyòl  
 Telefòn: (347) 709-4262  
<http://www.galapagoscenternyc.com/>

Li travay ak fanm imigran pou amelyore patisipasyon yo nan wòl yo jwe antanke lidè ak patisipasyon nan ekonomi yo atravè sipò yo jwenn nan rezo parennaj yo.



### 15. La Unión

Lang:  
 6025 6th Avenue, Room 221, Brooklyn, NY 11220  
 Telefòn: (718) 630-8903  
[la-union.org](http://la-union.org)

Objektif òganizasyon sa a se pou l pèmèt nouvo imigran yo vin otonòm pou yo ka bay patisipasyon yo pou enfliyanse dyalòg kap fèt sou refòm imigrasyon ak refòm nan règleman yo; epi pou yo defann dwa yo ak dwa kominote yo nan dosye eksplwatasyon, enjistis ak inegalite.

### 16. Make the Road NY

Lang: Angle, Panyòl  
 301 Grove Street, Brooklyn, NY 11237  
 Telefòn: (718) 418-7690  
[www.maketheroadny.org](http://www.maketheroadny.org)

Make the Road New York ap travay pou Latino yo ak kominote kap travay yo vin gen plis otorite pou yo sa jwenn diyite ak jistis atravè òganizasyon, travay pou gen nouvo règleman, edikasyon kap transfòme yo ak sèvis pou siviv.

**17. Mixteca Organization**

Lang: Angle, Panyòl  
 245 23<sup>rd</sup> St. 2<sup>nd</sup> Floor, Brooklyn, New York 11215  
 Telefòn: (718) 965-4795  
<http://www.mixteca.org>

Li ofri pwogram ak sèvis pou kominote imigran Meksiken ak Latino Ameriken nan Brooklyn ak New York. Pwogram nan edikasyon adilt, sante, sèvis vyolans domestik, sèvis VIH/SIDA ak sèvis legal pou dosye imigrasyon.

**18. Neighbors Helping Neighbors, Inc./Fifth Avenue Committee**

Lang: Angle, Panyòl  
 621 DeGraw St., Brooklyn, NY 11217  
 Telefòn: (718) 237-2017  
<http://www.nhnhome.org/>

Li ede rezidan Brooklyn ki gen revni ba oswa revni modere yo jwenn bon kalite lojman ak akimile byen finansye atravè fòmasyon, konsèy ak enfòmasyon.



**19. Opportunities for a Better Tomorrow**

Lang: Angle, Panyòl  
 Li gen pizyè biwo nan Brooklyn.  
 Telefòn: (718) 369-0303  
<https://obtjobs.org/>

Li ofri jèn adilt, adilt ak imigran yo antrènman pou travay ak sèvis sipò pou yo jwenn travay. Pami sèvis li bay yo gen antrènman pou travay, asistans pou mete moun nan travay, kou GED, kou Angle ak sèvis legal pou imigran yo.



**20. Shorefront YM-YWHA of Brighton-Manhattan Beach, Inc.**

Lang: Angle, Ris, Panyòl, Ikrenyen  
 3300 Coney Island Ave., Brooklyn, NY 11235  
 Telefòn: (718) 646-1444  
<https://www.shorefronty.org/>

Se yon sant kominotè Jwif e yon ajans sèvis sosyal ki nan sid Brooklyn ki gen pwogram pou jèn yo, aktivite ak angajman kiltirèl, sèvis sante ak sèvis sosyal.







---

**4. CAIR-NY Council on American-Islamic Relations**

Lang: Angle, Arab, Oudou

46-01 20th Avenue, Astoria, NY, 11105

Telefòn: (646) 665-7599

[www.cair-ny.org/](http://www.cair-ny.org/)

The Council on American-Islamic Relations-NY (CAIR) se youn nan pi gwo òganizasyon ki okipe afè dwa sivil ak defans dwa moun. Li konsakre tan li pou l konbat diskriminasyon kont Mizilman yo.

**5. Catholic Migration Services**

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang

47-01 Queens Boulevard Suite 201, Sunnyside, NY 11104

Telefòn: (347) 472-3500

## 8. Cidadão Global

Lang: Angle, Pötigè, Panyòl



## 12. Desis Rising Up & Moving

Lang: Bengali, Angle, Indi, Nepalè, Oudou  
72-18 Roosevelt Ave. 2<sup>nd</sup>

**16. India Home, Inc.**

Lang: Bengali, Angle, Goujarati, Indi, Ponnjabi  
 178-36 Wexford Terrace 2<sup>nd</sup> Floor, Jamaica, NY 11432  
 Telefòn: (917) 288-7600  
<http://indiahome.org/>

Li ede granmoun aje ki soti nan Sid Azyatik jwenn sèvis tankou kou Angle, sèvis tradiksyon, pwogram sante ak byennèt, aktivite rekreyatif, pwogram manje, jesyon dosye ak defans.

**17. Jacob A. Riis Neighborhood Settlement**

Lang: Bengali, Angle, Franse, Grèk, Kreyòl Ayisyen, Indi, Italyen, Mandaren, Ris, Panyòl, ak lòt lang ankò  
 10-25 41<sup>st</sup> Ave., Long Island City, NY 11101  
 Telefòn: (718) 784-7447  
<http://www.riissettlement.org/>

Li ofri imigran yo sèvis lwès Queens, tankou kou Angle, sèvis sipò, aktivite pou bati kominote, ansanm ak pwogram pou jèn yo ak granmoun aje.

**18. Latin Women in Action, Inc.**

Lang: Chinwa, Angle, Pòtigè, Panyòl  
 103-06 39 Ave., Corona, NY 11368  
 Telefòn: (718) 478-2972  
<http://www.latinwomeninaction.com/>



---

**24. Sunnyside Community Services**

Lang: Angle, Indi, Panyòl ak lòt lang ankò

43-31 39<sup>th</sup> St., Sunnyside, NY 11104

Telefòn: (718) 784-6173

<https://www.scsny.org/>

Li ofri pwogram pre-matènèl ak pwogram edikatif apre lekòl, pwogram kou preparasyon pou kolèj ak karyè pou adolesan ak jèn adilt, yon sant pou granmoun aje, sèvis swen adomisil, sipò pou moun ki bay swen ak yon pwogram pou adilt ki andikape.

**25. Women for Afghan Women New York Community Center**

Lang: Dari, Angle, Pachtò

71-19 162<sup>nd</sup> St. Unit CF-D, Fresh Meadows, NY 11365

Telefòn: (718) 591-2434

<http://www.womenforafghanwomen.org/>

Li bay fanm Afgan yo sipò ak sèvis tankou konsèy pou jesyon dosye, asistans nan domèn imigrasyon, lojman, benefis piblik, kou ak edikasyon, travay, swen medikal, sèvis vyolans domestik, seminè sou byen(a)-.126 Tw8nD5puBDC -a.9(k)-(o)-28(k).3(a)-29(t)1(a)-2.96a.9(k)-(432.9

## Pwogram nan Staten Island

### 1. El Centro del Inmigrante

Lang: Angle, Panyòl

1546 Castleton Ave., Staten Island, NY 10302

Telefòn: (718) 825-2086

<http://elcentronyc.org/>

Li bay imigran Staten Island yo sèvis, sitou sa ki soti Meksik ak Amerik Latin. Pami pwogram sa yo gen kou Angle, GED ak kou alfabetizasyon, òganizasyon travay, edikasyon sante ak depistaj, sèvis dwa imigran ak fanmi, asistans legal, aktivite kominotè, distribisyon manje ak rad.

### 2. The Ghanaian Association of Staten Island NY, Inc.

Lang: Akan, Angle, ak lòt lang yo pale nan peyi Gana

<https://ghanaiancivicsoc.wordpress.com/>



## Resous Toupatou nan Eta a

### **Gid Resous pou Imigran nan Leta New York (New York State Immigrant Resource Guide)**

<https://www.ny.gov/we-are-all-immigrants/new-york-state-immigrant-resource-guide>

Gid Resous pou Imigran nan Leta New York (The New York State Immigrant Resource Guide) ofri yon lis konplè ki gen ajans gouvènman leta yo ki ka bay sèvis nan domèn kominikasyon nan lang, krim ak diskriminasyon, sèvis legal, pwoteksyon konsomatè, sèvis sante, asistans finansyè ak angajman kominotè.

### **2-1-1 New York**

<https://211nys.org/>

Rele 211 sou telefòn ou an pou sèvis enfòmasyon gratis, ki pa ijan ki konekte w ak sèvis sante ak sèvis yo bay moun. Gen operatè ki pale plizyè lang. Epitou ou ka jwenn enfòmasyon yo bay sou sèvis yo sou entènèt la.

### **Boards of Cooperative Educational Services (BOCES) of New York State**

<https://www.boces.org/>

BOCES ofri pwogram ak sèvis edikasyon ki pataje bay pratikman tout distri lekòl yo, esepite “Big Five (Senk Pi Gwo yo)” (New York City, Buffalo, Rochester, Yonkers, ak Syracuse). Pami sèvis yo bay yo gen pwogram pou karyè ak pwogram teknik pou elèv lekòl segondè, sèvis pou elèv andikape, lekòl dete, ak pwogram alfabetizasyon ak fòmasyon pwofesyonèl pou travay pou adilt. Chèche biwo lokal BOCES la nan sitwèb ki make anwo a.

### **New York State Division of Human Rights (DHR)**

<https://dhr.ny.gov/>

DHR ranfòse lwa sou Dwa Imen nan New York yo, ki entèdi diskriminasyon nan anplwa, lojman, kredi, kote ki gen akomodasyon pibli7(r)-8.2(gc5 517(r.9(m)12n(,)-1.4( Y)61.8(e ba)-2.BT/P)-2.9(s)-0.9(y)-4.8(o)-2(u 05 Tc 0.005 TT/P)-4

yo)/Aprenan Plizyè Lang (MLL yo). Nan sitwèb yo a, yo ofri règleman ak memorandòm ki ajou; epi yo ofri resous pou paran ak nimewo telefòn asistans pou fanmi elèv MLL/ELL nan lekòl New York yo.

## Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a

### **American Immigration Lawyers Association – New York Chapter**

<http://www.ailany.org/>

American Immigration Lawyers Association se yon asosyasyon avoka ki pratike e ki anseye dwa sou imigrasyon. Yo reprezante dè dizèn de milye biznis ak endistri Ozetazini, etidyan etranje, atis, atlèt, ak moun kap mande azil, souvan sou baz pro bono (gratis)

### **Asian American Federation**

<http://www.aafny.org/>

Asian American Federation reprezante ajans sèvis kominotè rezo pàn-Azyatik nan zòn Nòdès la. Yo travay nan domèn rechèch, defans règleman, konsyantizasyon piblik, ak devlopman òganizasyonèl nan domèn sante ak sèvis imen, edikasyon, devlopman ekonomik, patisipasyon sivik, ak jistis sosyal.

### **Empire Justice Center**

<https://empirejustice.org/>

Empire Justice Center se yon òganizasyon ki toupatou nan eta a kap chèche ranfòse dwa legal moun ki nan New York ki pòv e ki pa gen dwa fondamantal. Yo bay fòmasyon, sipò ak asistans teknik pou sèvis legal, yo ofri moun asistans legal dirèk nan domèn sivil, epi yo angaje yo nan analiz règleman, rechèch ak defans.

### **Hispanic Federation**

<https://hispanicfederation.org/>

Hispanic Federation se yon òganizasyon nasyonal ki gen manm ki enskri ladann e ki pa travay pou pwofi. Li travay nan domèn edikasyon, sante, imigrasyon, angajman sivik, emansipasyon ekonomik ak anviwònman an. Yo bay gwoup manm yo sèvis epi yo defann enterè Latino yo ak administre pwogram asistans kominotè ak sèvis sosyal dirèk.

### **Immigrant Defense Project**

<https://www.immigrantdefenseproject.org/>

Immigrant Defense Project travay pou l asire egalite ak jistis pou imigran ki Ozetazini atravè fòmasyon ak konsèy, litij ki gen enpak, defans, angajman ak edikasyon kominotè, kominikasyon ak fè pase mesaj. Yo ofri



**National Association for the Advancement of Colored People (NAACP)**

<https://www.nysnaacp.org/>

NAACP travay pou l defann egalite sou plan politik, edikasyon, sosyal ak ekonomik pou tout sitwayen. Epi li travay pou yon sosyete kote tout moun gen menm dwa san diskriminasyon ki baze sou ras. Yo travay nan

